# Жаңа Өзбекстан – жаңаша көз қарас

Ҳүрметли Президентимиздиң басламасы тийкарында, усы жыл ноябрь айынан баслап бир жыл даўамында ҳәр ай сайын елимизде әмелге асырылып атырған реформалардың мазмун-мағанасы ҳәм әҳмийетин халқымызға жеткериў бағдарында илажлар шөлкемлестириў белгиленген еди. Онда халықты мәдeният, көркем өнер ҳәм спортқа кең қамтып алыў, мәлимлеме технологияларынан пайдаланыў көнликпелерин қәлиплестириў, китап оқыўды үгит-нәсиятлаў, ҳаял-қызлар бәнтлигин арттырыўға қаратылған әҳмийетли басламаларды әмелге асырыў нәзерде тутылған.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Бүгин районлық Мәдeният сарайында Қарақалпақстан Республикасы үгит-нәсият топары тәрепинен «Жаңа Өзбекстан – жаңаша дүнья қарас» идеясы тийкарында, «Дослық» МПЖ турғынлары қатнасында үгит-нәсият илажы өткерилди. Илаж даўамында китаплар көргизбелери шөлкемлестирилип, көркем өнер ғайраткерлери тәрепинен таярланған концерт бағдарламасы инам етилди. Үгит-нәсият илажлары, райондағы барлық пуқаралар жыйынларында өткерилиўи режелестирилген.

Район ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети